

MANYÈL MANM OU A CHANJE POU ENKLI LÒT SÈVIS ADISYONÈL

Apati **1ye janvye 2025**, ou ka konekte avèk òganizasyon nan kominote w la ki bay sèvis pou ede ou avèk lojman, transpò, ak jesyon swen gratis pou ou, atravè yon Rezo Swen Sosyal (SCN) rejonal.

- Atravè SCN sa a, ou kapab rankontre avèk yon Navigatè Social Care ki kapab tcheke kalifikasyon ou pou sèvis ki ka ede sante w ak byennèt ou. Yo pral poze w kèk kesyon pou w wè ki kote ou ka bezwen kèk sipò siplemantè.
- Si ou kalifye pou sèvis yo, Navigatè Social Care ou a ka travay avèk ou pou jwenn sipò ou bezwen an. Ou ka kalifye pou plis pase yon sèvis, selon sitiyasyon ou. Sèvis sa yo ka gen ladan yo:
 - Sipò pou lojman ak sèvis publik:
 - Enstale modifikasyon tankou ranp, balistrad, ak ba pou kenbe pou rann kay ou aksesib epi an sekirite.
 - Repare ak ranje dlo k ap koule pou anpeche mwazi devlope lakay ou.
 - Bouche twou ak fant pou anpeche ensèk nuizib antre lakay ou.
 - Bay yon klimatizè, aparèy chofaj, imidifyè, oswa dezimidifyè pou ede amelyore vantilasyon lakay ou.
 - Ede ou jwenn epi aplike pou lojman ki gen sekirite epi ki estab nan kominote a.
 - Sèvis transpò:
 - Ede w jwenn aksè nan transpò publik oswa prive nan kote SCN apwouve yo tankou: ale nan yon entèvyou travay, kou parantay, tribunal lojman pou anpeche degèpisman, epi biwo depatman vil oswa eta a pou jwenn dokiman enpòtan.
 - Sèvis jesyon swen:
 - Jwenn èd pou twouve yon travay oswa pwogram fòmasyon pou travay, aplike pou avantaj publik, jere finans ou, ak plis ankò.
 - Konekte ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèvansyon nan kriz, pwogram mezon sante, ak plis toujou.

Si w enterese, tanpri rele Ekip Swen w lan nan 1-866-867-6555 (TTY: 711) epi n ap konekte ou ak yon SCN nan zòn ou an. Navigatè Social Care a pral verifye kalifikasyon ou, pral ba w plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, epi li pral ede ou konekte ak yo.

Ekip Swen ou a
1-866-867-6555 (TTY:711)
Lendi – Vandredi, 9 am – 5 pm